ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI
JOQARI BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATINDAĞI NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

"TASTIYIQLAYMAN"
Ájiniyaz atındağı NMPI
rektori__________B. P. Otemuratov
"___"__________2023 jıl

# KÁSIPLIK (DÓRETIWSHILIK) IMTIXAN DÁSTÚRI HÁM BAHALAW KRITERIYASI

**"Atqarıwshılıq sheberligi (Saz shertiw hám qosıq aytıw)", "Muzıka teoriyası hám solfedjio" pánleri**

**60111300 - "Muzıka tálimi" bakalavriat tálim bağdarınıń barlıq formaları ushın**

Nókis – 2023

Dástúr Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Oqıw-metodikalıq Keńesinde kórip shıǵılǵan hám maqullanǵan.

2023 jıl ___ ___ daǵı ___-sanlı jıynalıs bayanı.

| | | |
|---|---|---|
| **Dúzgenler:** | **Allanov A. J.** | -Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Muzıkalıq tálim" kafedrası baslıǵı, |
| | **Allanazarov D. T.** | -Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Muzıkalıq tálim" kafedrası professorı |
| | **Nadırova A. B.** | -Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Muzıkalıq tálim" kafedrası docenti |
| | **Saparov R. M.** | -Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Muzıkalıq tálim" kafedrası assistent oqıtıwshı |

| | | |
|---|---|---|
| **Pikir beriwshiler:** | **Jumaniyazov I. R.** | -Nókis qániygelestirilgen mádeniyat mektebi, xalıq saz atqarıwshılıǵı bólimi bas oqıtıwshısı docent |
| | **Tajetdinova S.M.** | -Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Muzıkalıq tálim" kafedrası docenti |

## I. Kirisiw

60111300 - Muzıka tálimi, tálim baǵdarı boyınsha kásiplik (dóretiwshilik) imtixan baǵdarlamasi orta arnawlı hám kásip-óner kolledjleri, balalar muzıka hám kórkem óner mektepleri hám de ulıwma orta bilim beriw mekteplериniń "Muzıka mádeniyati" páni baǵdarlamasi tiykarında dúzilgen bolıp, bakalavr dárejesin alıw ushın Ózbekstan Respublikası pedagogikalıq joqarı oqıw orınlarına kiretuǵın abiturientler ushın mólsherlengen.

Bul baǵdarlama "Saz áspab atqarıwshılıǵı hám qosıq aytıw sheberligi", "Muzıka teoriyası hám solfedjio" pánleri tiykarında abiturientlerdiń muzıkalıq bilimlendiriw tarawında teoriyalıq hám ámeliy bilimlerin anıqlaw maqsetinde ótkeriledi.

## II. Dóretiwshilik imtixanlardıń maqset hám wazıypaları

60111300 - Muzıka tálimi, tálim baǵdarında bolajaq muzıka oqıtıwshıların tayarlaw boyınsha kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlar abiturientlerdiń sol tarawǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı, bilim dárejesi hám keleshekte muzıka tálimi tarawı kásibinde jumıs alıp barıw kompetensiyalarin belgilew maqsetinde islep shıǵılǵan.

Usı dóretiwshilik imtixanlardı ótkeriwdiń tiykarǵı waziypası abiturientlerdiń baslanǵısh muzıka sawatı, qandayda bir saz áspabında atqara alıw kónlikpesin, qosıqshılıq sheberligin anıqlaw, muzıka dóretpeleri úlgilerin biliw, ózbek, qaraqalpaq hám sırt el dóretiwshileri iskerligi, muzıka atqarıwshılıǵı, vokal, xor, dástúriy qosıqshılıq sheberligin, ansambl, orkestr, kompozitorler hám kompozitorlar dóretiwshiligi, ataqlı sazende hám qosıqshılar dóretiwshilik iskerligin, muzıkalıq atama (termin) hám sóz dizbeklerin, muzıka janrları, muzıkada zamanagóylık hám dástúrlik tendensiyalarin, zamanagóy muzıka, milliy estrada muzıkası jáne onıń atqarıwshıları sıyaqlı temalar tiykarında milliy muzıka mádeniyatimizdi ózlestirgenlik dárejesin anıqlawdı hám bahalawdı názerde tutadı.

Bunda saz áspab atqarıwshılıǵı boyınsha qandayda bir saz áspabında ózbek, qaraqalpaq yamasa chet el muzıka dóretpelerin atqara alıw kónlikpesin iyelegenlik dárejesi; atqarıp atırǵan muzıka shıǵarmasın taza, sap hám de dinamikalıq, temp hám ritmik tárepten anıq hám tuwrı atqarıwı; muzıka asbabın tereń seze alıwı; ritm, garmonik sesler uyǵınlıǵın atqarıwda barmaq háreketlerin tuwrı orınlawı; atqarıp atırǵan shıǵarmanıń avtorı, áspabıń túri, atı, tariyxı haqqında hám de milliy áspablar haqqında anıq maǵlıwmatlarǵa iye ekenligi;

Qosıq aytıw sheberligi boyınsha qosıqshılıq janrları; atqarıp atırǵan shıǵarmanıń atı, avtorı, janri jóninde tolıq maǵlıwmatlarǵa iye ekenligi; atqarıwda sap intonatsion qaǵıydalarǵa tolıq ámel etiwi, tonallıqtı uslay alıw kónlikpesine iyeligi; tájiriybesi, dawıs, nápes hám olardı islete alıw uqıbı, buǵan baylanıslı toplaǵan tájiriybesi; vokal, xor, estrada, dástúriy qosıqshılıq dóretpelerin atqarıw

sheberligi, jolları, mektep, tájiriybeleri haqqında bilimlerge iyeligi; kompozitor, kompozitorlar hám olardıń iskerligi, olar dóretiwshiliginde júzege kelgen muzıkalıq dóretpelerdi biliwi;

Muzıka teoriyası hám solfedjio boyinsha muzıkalıq sistema, dawıs, nota jazıwı nızam -qağıydaları, metr, ritm, temp, lad, tonallıq, tonallıqlar kvarta-kvinta sheńberi, hár qıylı major hám minor gammalar, xalıq ladları, interval, akkord, alteratsiya, xromatizm, tonallıqlar teksheleshligi, modulyatsiya hám waqıtsha ótiw (otklonenie), transpozitsiya, nama, muzıka bezewleri jóninde teoriyalıq bilimler; bir dawıslı namalardı, dawıstan hám tonallıqda major, minor hám de xalıq ladları dawısqatarların, xromatik gamma, hár qıylı interval hám akkordlardı sheshiliwleri menen jazba túrde hám fortepianoda dúzip sap intonaciyada atqarıw, muzıka elementlerin tıńlap anıqlaw kónlikpeler, talap etiledi.

Usılar menen bir qatarda dóretiwshilik imtixanda abiturientler, áwele, muzıka kórkem ónerinıń insannıń ómirinde tutqan ornı hám áhmiyeti, jaslardı intellektual, estetikalıq, fizikalıq hám ruwxıy jetilisiwindegi roli; milliy ań, milliy oylaw, milliy namıs, watandı súyiw onı ardaqlaw sezimlerin qáliplestiriwdegi áhmiyeti haqqında anıq túsinikke ıye bolıwı; muzıka kórkem óneri jardeminde milliy ideyanı oqıwshı - jaslar kewiline sińirip barıw jolların oyda sawlelendire alıwları ; Respublikamızdıń ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstan ham Qaraqalpaqstanda kórkem óner hám muzıkalıq tálimdi joqarı darejede rawajlaniw basqishina kóterilgenligi haqqında tıyanaqlı hám logikalı oy-óris júrgize alıwları talap etiledi.

### III. Abiturienttiń bilimine qoyılatuǵın talaplar

Abiturient saz áspab atqarıwshılığı hám qosıq aytiw sheberligin iyelegen bolıwı, onı kórsete alıwı hám de muzıkalıq -teoriyalıq bilimlerdi hám de **Muzıkalıq** termin hám túsiniklerdi biliwi, muzıka elementlerin atqarıw hám tıńlap anıqlap beriwi, notaǵa qaray atqarıp beriwi kerek.

### IV. Dóretiwshilik imtixan ótkeriw tártibi

Kásiplik dóretiwshilik imtixan eki pán boyınsha ótkeriledi, hár bir pán boyınsha abiturient bilimi hám dóretiwshilik uqıbına bólek ball qóyıladı. Toplaǵan ball nátiyjeleri ulıwmalastırıladı hám ballar izbe-izliginde qabıl komissiyasına usınıs etiledi.

"Áspab atqarıwshılığı hám qosıq **aytıw sheberligi**" pánleri boyınsha atqarılatuǵın shigarmalar dizimi (repertuar), abiturient tárepinen jazba tárzde imzalanǵan túrde dóretiwshilik imtixan komissiya baslıǵına tapsırıladı.

"Muzıka teoriyası hám solfedjio" páni boyınsha iyelegen teoriyalıq bilimleri jazba jumıs, diktant, tıńlap atqarıw, tıńlap shertip beriw, tıńlap anıqlaw sıyaqlı qatar tapsırmalar tiykarında anıqlanadı.

Kásiplik (dóretiwshilik) kirisiw imtixanlardıń ulıwma balı - **156** balldi quraydı.

1. "Saz **áspab** atqarıwshılığı hám qosıq **aytıw** sheberligi" pánleri ushın - **93** ballga shekem;

2."Muzıka teoriyası hám solfedjio" páni ushın - **63** ballga shekem.

**V. Kásiplik (dóretiwshilik) imtixan mazmunı**

**V. 1. 1. Atqarıwshılıq sheberligi (Saz shertiw hám qosıq aytıw)"**

**a) Bahalaw kriteryaları**

Bul imtixanda abiturientten muzıka shığarmasınıń mazmunı, forması, xarakteri hám atqarıwshılıq quramalılığı boyınsha túrlishe bolǵan ush muzıka shığarmasın atqarıwı talap etiledi. Sonıń menen birge, qosımsha Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikası Mámleket Gimnin qosığın aytıw hám shertip beriwi, Ózbekstannıń hám Qaraqalpaqstannıń ataqlı kompozitorları hám belgili kompozitor -sazendelerin biliwi, ǵárezsizlik jıllarında respublikamızda muzıka kórkem ónerin rawajlandırıw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar haqqında óz pikirlerin bayanlawı talap etiledi.

| № | **Saz áspab atqarıwshılığı boyınsha atqarılatuǵın shığarma janri hám awızsha soraw -juwap mazmunı** | **Ballar bólistiriwi** |
|---|---|---|
| 1 shığarma | Iri kolemdegi shığarma (dástúriy jolındağı saz áspab dóretpeleri, Sonatina, Sonata, variatsiya, Konsert hám basqalar) | 0 - 10 |
| 1 a. shığarma maydanınan awızsha juwap | Shığarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı tuwrısındağı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalığı) hám pedagogikalıq qábileti. | 0 - 5 |
| 2 shığarma | **Polifoniyalıq shığarmalar** (Invensiya, Fuga, Prelyudiya hám fuga, hám basqalar) Ózbek hám Qaraqalpaq xalıq namaları hám kompozitorlardiń saz áspab namaları. | 0 - 10 |
| 2 a. shığarma maydanınan awızsha juwap | Shığarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı tuwrısındağı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalığı) hám pedagogikalıq qábileti | 0 - 5 |
| 3 shığarma | Shet el, ózbek hám qaraqalpaq kompozitorları dóretpeleri, Pesa, etyud | 0 - 6 |

| | | |
|---|---|---|
| 3 a. shıǵarma maydanınan awızsha juwap | Shıǵarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı tuwrısındaǵı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalıǵı) hám pedagogikalıq qábileti | 0 - 5 |
| 4. Awızsha juwap (kollokvium) | Muzıkalıq áspablar tariyxı hám olardıń ózgesheligi, saz áspab muzıkasınıń socialliq ómirde tutqan ornı hám de áhmiyeti tuwrısındaǵı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalıǵı ) hám pedagogikalıq qábileti. | 0 – 5,5 |
| **Jámi** | | **46,5** |

**Túsindirme:** JOO kásiplik (dóretiwshilik) imtixan komissiyası muzıkalıq áspablar menen támiyinlew juwapkershiligin almaydı. Abiturientler shertetuǵın saz asbabın ózi menen birge alıp keledi hám sazlaǵan halda atqaradı. Kásiplik (dóretiwshilik) imtixan processinde kontsertmeysterden paydalanıwǵa jol qoyılmaydı.

Kásiplik (dóretiwshilik) imtixan komissiyası aǵzaları ózleriniń qánigelik tarawınan kelip shıqqan halda abiturient bilimin bahalaydı. Bahalar ulıwmalasqan halda daǵaza etiledi.

Abiturientke hár bir shıǵarmanı atqarıwǵa 2-3 minut, úsh shıǵarmanı atqarıw ushın uzaǵı menen 6-8 minut waqıt ajıratıladı. Soraw-juwaplar ushın 4-5 minut waqıt ajıratıladı

Saz atqarıwshılıǵı ushın jámi 12-13 minutqa shekem waqıt ajıratıladı.

**a) Shama menen atqarılatuǵın shıǵarmalar dizimi**

**Fortepiano:**

1. Iri kólemdegi shıǵarmalar - N. Zakirov "Sonata", F. Názarov "Kontsert", M. Klementi, L. Betxoven, Y. Gaydn, v. A. Motsart, F. Shubert, M. I. Glinka, A. K. Glazunov hám basqa sırt el kompozitorları sonatina, sonata hám kontsertlari.

2. Polifoniyaliq shıǵarmalar - I. S. Baxning "Frantsuz syuitalari", eki hám úsh dawıslı invensiyalari, XTK 1-tom prelyudiya hám fugalari, sonıń menen birge G. Gendel, R. Shuman, M. I. Glinka, A. K. Glazunov, D. D. Shostakovich, G. Mushel sıyaqlı kompozitorlardıń polifoniyaliq shıǵarmalari.

3. Pesa - F. Shopen, Y. Brams, F. List, E. Grig, P. I. Chaykovskiy, S. Raxmaninov, M. Ashrafiy "Sózsiz qosıq", X. Azimov "Noktyurn", P. Xalikov "Duwtar navolari" hám basqa shıǵarmalar, sonıń menen birge K. Cherni, M. Klementi, I. Mosheles, F. Shopen hám basqa kompozitorlar etyudları.

**Ózbek hám Qaraqalpaq xalıq áspablarında :**

1. Iri forma dağı dóretpeler – baqsı jıraw, eski áspab dóretpeleri, ótken zaman kompozitorlar dóretiwshiliginen úlgiler, Ózbekstan, Qaraqalpaqstan hám sırt el kompozitorlarınıń sonatina, sonata, kontsert h. t. b.

2. Ózbek xaliq namalari – "Dugox", "Segox", "Yolǵiz", "Navruzi ajam", "Rajabiy", "Kushchinor", "Tanovar", "Munojat" h.t.b. F Vasilev obrabotkasi "Dutor bayoti", M Bafoev "Poema", F. Nazarov "Poema"si, D. Zokirov "Qo'shiq va raqs", "Ko'rmadim", T Jalilov "Otmagay tong" h.t.b.

3. Qaraqalpaq xaliq namalari – "Nama basi", "Qosha das", "Muxalles", "Siy perde", "Qara jorǵa", "Aq ishik", "Nariydirgen", "Ilme Sultan", "Ariwxan", "Nalish", "Miń túmen", "Eshbay" naması", "Jeti asırım", "Ala qayis", "Kúnxoja", "Hawjar". "Tarlan", "Adıńnan", "Bes perde", "Suw serper", "Injıltma", "Popuri", "Ziyada", "Qalxali" h.t. b.

**V. 1. 2. Atqarıwshılıq sheberligi (qosıq aytıw)"**

**a) Bahalaw kriteryaları**

Bul imtixanda abiturientten muzıka shıǵarmasınıń mazmunı, forması, xarakteri hám atqarıwshılıq quramalılıǵı boyınsha túrlishe bolǵan ush muzıka shıǵarmasın atqarıp beriwi talap etiledi. Sonıń menen birge, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikası Mámleket Gimniniń qosıǵın aytıw, Ózbekstannıń hám Qaraqalpaqstannıń ataqlı kompozitorları hám belgili kompozitor sázendelerin biliw hám ǵárezsizlik jıllarında respublikamız kórkem ónerin jáne de rawajlandırıw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar haqqında óz pikirin bayanlawı talap etiledi.

| № | Qosıq aytıw uqıbı boyınsha atqarılatuǵın shıǵarma janri hám awızsha soraw –juwap | Ballar bólistiriwi |
|---|---|---|
| 1 shıǵarma | Baqsı jıraw, dásturiy qosiqshiliq, ózbek, qaraqalpaq hám shet el kompozitorlariniń ariya, romans, estrada qosiqlari | 0 - 10 |
| 1 a shıǵarma maydanınan awızsha juwap | Shiǵarmaniń mazmuni, formasi, xarakteri hám kompozitori haqqindaǵi bilimleri, sózi (arnawli atamalar qollanilǵan sózdiń sáwleleniwi) hám pedagogikaliq qábiliyeti | 0 - 5 |
| 2 shıǵarma | Uliwma orta bilimlendiriw mektepleriniń 5-, 6-, 7- klass "Muzika mádeniyati" páni dásturinen orin alǵan qosiqlardan úlgiler | 0 - 10 |
| 2 a. shıǵarma maydanınan | Shiǵarmaniń mazmuni, formasi, xarakteri hám kompozitori haqqindaǵi bilimleri, sózi (arnawli atamalar qollanilǵan sózdiń sáwleleniwi) hám pedagogikaliq qábiliyeti | 0 - 5 |

| | | |
|---|---|---|
| awızsha juwap | | |
| 3 shıǵarma | Ózbek, qaraqalpaq hám shet el xaliq qosiqlari | 0 - 6 |
| 3 a. shıǵarma maydanınan awızsha juwap | Shiǵarmaniń mazmuni, formasi, xarakteri hám kompozitori haqqindaǵi bilimleri, sózi (arnawli atamalar qollanilǵan sózdiń sáwleleniwi) hám pedagogikaliq qábiliyeti | 0 - 5 |
| 4. Awızsha juwap (kollokvium) | Qosiqshiliq tariyxi, olardiń ózgeshelikleri hám jámiyetlik ómirde tutqan orni hám áhmiyeti, ózbek, qaraqalpaq hám shet el kompozitorlari haqqindaǵi bilimleri, sózi (arnawli atamalar qollanilǵan sózdiń sáwleleniwi) hám pedagogikaliq qábiliyeti | 0 – 5,5 |
| **Jámi** | | **46,5** |

**Túsindirme:** Abiturientler qosıq aytiw páninen kásiplik (dóretiwshilik) imtixan waqtında ózi qálegen saz áspabında shertip atqarıwı múmkin. Abiturientlerdiń talantın hám dóretiwshilik qábiletin bahalawdın ashıqlıǵın támiyinleniw ushın kásiplik (dóretiwshilik) imtixan processinde kontsertmeysterden paydalanıwǵa jol qoyılmaydı.

Kásiplik (dóretiwshilik) imtixan komissiyası aǵzaları ózleriniń qánigelik salasından kelip shıqqan halda abiturient bilimin bahalaydı. Bahalar ulıwmalasqan halda daǵaza etiledi.

Abiturientke hár bir shıǵarmanı atqarıwǵa 2-3 minut, úsh shıǵarmanı atqarıw ushın uzaǵı menen 6-8 minut waqıt ajıratıladı. Soraw-juwaplar ushın 4-5 minut waqıt ajıratıladı

Qosıq aytiw atqarıwshılıǵı ushın jámı 12-13 minutqa shekem waqıt ajıratıladı.

b) **Shama menen atqarılatuǵın shıǵarmalar dizimi**

1. Ózbek, qaraqalpaq hám shet el kompozitorlari operalarinan ariya, romans, estrada qosiqlari.
2. Ulıwma bilim beriw mektebiniń 5-, 6 -,7- klass muzıka mádeniyatı páni baǵdarlamasinan orın alǵan qosıqlar.
3. Ózbek, qaraqalpaq hám chet el xaliq qosiqlari – "Omon yor", "Tanovar", alla, toy máresim qosiqlari, yalla, lapar h.t.b. Qaraqalpaq xaliq dastanlarinan úzindiler hám qaraqalpaq xaliq qosıqlari, Hawjar, Hayiw, Qiz minayim, Dembermes, Lay

lay, Yasha pariy, Altinkól, Sawdigim, Musa sen yari, Gózzallar, Dağlari, Aqsıngul, Eshbay, Qoshades, Janim apa, Adińnnan, Pal bolsın, salt dástúr qosiqlari h.t.b

V. 2. **Muzıka teoriyası hám solfedjio**

a) **Bahalaw kriteryaları** 1

Muzıkalıq dawıs hám onıń ózgeshelikleri, muzıkalıq sistema dawis qatari. Muzıkalıq saz, temperatsiyalanǵan saz. Dawıslardıń háriplik dúziliste sáwleleniwi. Dawıslar, interval, akkordlar engarmonizmi. Nota jazıwı, nota sozımları hám olarǵa qoyılatuǵin dawıslar sozımlılıǵın uzayttırıwshı qosımsha belgiler, nota jazıwiin qisqartıw belgileri. Metr, Ritm, sinkopa, sozımlıqlardıń túrleniwi. Ápiwayı, quramalı, aralas hám ózgeriwsheń metrler hám ólshemler. Ápiwayı hám quramalı intervallar. Diatoniyaliq hám Xromatikaliq intervallar. Intervallardiń engarmoniyalıq teńligi. Intervallardıń aylanıwı. Konsonans hám dissonans intervallar. Alteratsiya. Lad. Tonalliq. Turaqli hám turaqsiz dawislar hám de olardiń sheshiliwi. Major hám minor ladı. Úshdawıslıq hám olardıń aylanbaları. Septakkord hám olardıń aylanbaları. Waqıtsha ótiw (otkloneniya), modulyatsiya, transpozitsiya siyaqlı temalardaǵı teoriyalıq materiallardı biliw.

Major, minor, xalıq ladları dawısqatarları, intervallar, úshdawıslıqlar hám septakkordlar hám de olardıń aylanbaların berilgen dawıstan hám kórsetilgen tonallıqta dúzip hám aytıp beriw. Kalmıkov hám Fridkin "Bir dawislı solfedjio" oqıw qollanbasınan berilgen nama mısalın notaǵa qarap aytıw. Interval, akkord, lad dawısqatarların tıńlap anıqlaw.

| № | Muzıka teoriyası (solfedjio) wazıypalar túrleri | ballar bólistiriwi |
|---|---|---|
| 1. | Teoriyalıq materiallardı biliw. | 0 - 15 |
| 2. | Major, minor, xalıq ladları dawısqatarları, intervallar, úshdawıslıqlar hám septakkordlar hám de olardıń aylanbaların berilgen dawıstan hám kórsetilgen tonallıqta dúziw hám atqarıw | 0 – 16,5 |
| 3. | Takt úleslerin qol háreketi menen kórsetip nama mısalın notaǵa qarap aytıw | 0 – 16,5 |
| | | |

| | | |
|---|---|---|
| 4. | Tıńlap anıqlaw | 0 - 15 |
| **Jámi** | | **63** |

Muzıka teoriyasi hám solfedjio boyınsha abiturientlerden muzıkalıq-teoriyalıq bilimlerin anıqlaw, nota shıǵarmaların solfedjio etip aytıw, muzıkalıq esitiw qábilyetin tekseriwde jámi bolıp abiturientke 20 minut waqıt ajıratıladı.

## VI. Dóretiwshilik imtixanlar nátiyjeleriniń bahalaw kriteryası

### VI. 1. Atqarıwshılıq sheberligi (Saz shertiw hám qosıq aytıw)

| Bahalaw kategoriyasi | Bahalaw kriteryası | 1-shiǵarma ushın ball | 2-shiǵarma ushın ball | 3-shiǵarma ushın ball | 4-juwap ushın ball |
|---|---|---|---|---|---|
| **Atqarıwshılıq sheberligi (Saz shertiw)** | | | | | |
| 1 "Ayriqsha" | Shıǵarmanı tolıq atqarıwı jarqın hám ırǵaǵına jetkizilgen, texnikalıq tárepten jetilisken hám kórkemlik tárepten tásirliligi. | *13-15* | *13-15* | *10-11* | *5,5* |
| | Awızsha juwabı tolıq | *5* | *5* | *5* | - |
| 2 "Jaqsı" | Shıǵarmanıń atqarılıwı bir az kem jarqın bolıp, kórkem tárepten tuwrı, biraq texnikalıq tárepten jetilisken bolıp, ayırım anıq emesliklerge jol qoyılǵan. | *10-12* | *10-12* | *8-9* | *4* |
| | Awızsha juwabı tolıq emes. | *4* | *4* | *4* | - |
| 3 "Qanaatlandirarli" | Saz áspabda atqarıw kónlikpeleri tómen, nota teksti nadurıs yadlanǵan | *8-9* | *8-9* | *7* | *3* |
| | Awızsha juwabı tolıq emes hám ayırım anıq emeslikleri menen. | *3* | *3* | *3* | - |
| 4 "Qanaatlandirarsiz" | Shıǵarmanıń atqarılıwı yadtan emes, yamasa saz áspabta atqarıw kónlikpeleri jetkilikli dárejede rawajlanbaǵan. | *0-7* | *0-7* | *0-6* | *0* |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Awızsha juwabı tómen yamasa joq ekenligi | - | - | - | *2* |
| **Atqarıwshılıq sheberligi (qosıq aytıw)** | | | | | |
| 1<br>"Ayriqsha" | Shıǵarmanıń atqarılıwı jaqtı hám ırǵaǵına jetkizilgen, intonatsion tárepten anıq, taza hám tasirli. | *13-15* | *13-15* | *10-11* | *5,5* |
| | Awızsha juwabı tolıq | *5* | *5* | *5* | - |
| 2<br>"Jaqsı" | Shıǵarmanı kórkem atqariwda jarqınlıǵı biraz kemlew, texnikalıq atqarıw tárepten kámine jetpegen, ayırım anıq emes intonatsiyalar bar | *10-12* | *10-12* | *8-9* | *4* |
| | Awızsha juwabı tolıqsız. | *4* | *4* | *4* | - |
| 3<br>"Qanaatlandirarli" | Atqarıw kónlikpeleri tómen, atqarıw anıq emes (falsh), tonallıqta turmaw, nota teksti natuwrı yadlanǵan | *8-9* | *8-9* | *7* | *3* |
| | Awızsha juwabı tolıq emes hám ayırım anıq emeslikleri menen. | *3* | *3* | *3* | - |
| 4<br>"Qanaatlandirarsiz" | Shıǵarmanıń atqarılıwı yaddan emes intonatsiya falsh (muzıkalıq esitiw qabileti joqlıǵı) yaki atqarıp bere almawı | *0-7* | *0-7* | *0-6* | - |
| | Awızsha juwabı tómen yamasa joq ekenligi. | - | - | - | *2* |

**VI. 2. Muzıka teoriyası hám solfedjio**

| № | Bahalaw kriteryası | 1-wazıypa | 2-wazıypa | 3-wazıypa | 4-wazıypa |
|---|---|---|---|---|---|
| 1<br>" Ayrıqsha " | Waziypanıń tolıq atqarılıwı, intonaciyası anıq, taza, sap. | *14-15* | *15-16,5* | *15-16,5* | *14-15* |
| 2<br>"Jaqsı" | Waziypanıń ayırım anıq emeslikler menen atqarılıwı, | *12-13* | *13-14* | *13-14* | *12-13* |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | intonaciya ayırım orınlarda anıq emesligi (falsh). | | | | |
| 3- "Qanaatlandirarli" | Materialdı tómen biliwi, intonaciya ayırım orınlarda anıq emesligi (falsh), biraq juwap beriw processinde umtılıw hám qızığıwshılıqları bar ekenligi. | *9-11* | *10-12* | *10-12* | *9-11* |
| 4- "Qanaatlandirarsiz" | Materialdı bilmewi, intonaciya anıq emesligi (falsh) | *0-8* | *0-9* | *0-9* | *0-8* |

## VII. Kózi ázzi abiturientlerdiń kásiplik (dóretiwshilik) imtixan nátiyjelerin bahalaw kriteryası

Joqarıda aytıp ótkeni sıyaqlı 60111300 - "Muzıka tálimi" baǵdarı boyınsha ótkeriletuǵın dóretiwshilik imtixan baǵdarlamasina kóre sol jóneliske tiyisli bolǵan saz áspabında shıǵarma atqarıw, qosıq atqarıw, muzıka teoriyası hám solfedjio pánlerinen abiturientlerdiń bilim, tájriybe hám kónlikpelerin anıqlaw talapları kiritilgen.

Hár bir kózi ázzi abiturient dóretiwshilik imtixan juwmaǵı boyınsha jámi 5 baha toplaw múmkinshiligine iye. Toplanatuǵın baha predmetler boyınsha tómendegishe bólistiriledi:

a) Atqarıwshılıq sheberligi (saz shertiw) - 5 baha ;
b) Atqarıwshılıq sheberligi (qosıq aytıw) - 5 baha ;
s) Muzıka teoriyasi - 5 baha ;
d) Solfedjio - 5 baha.

Abiturienttiń ortasha bahasi vedomostqa kiritiledi.

**Dóretiwshilik imtixan predmetleri boyınsha belgilengen ballar bólistiriwi**

| Baha | Abiturienttiń bilim dárejesi bahalanıwında tómendegiler itibarǵa alınadı |
|---|---|
| 5 "ayriqsha" | Muzıkalıq tálim boyınsha bárshe dástúrdegi belgilengen shıǵarmalar tásirli, tolıq hám jetilisken, sheberlik penen atqarılsa, dóretiwshilik pikirley alıwı, qosıq aytıw boyınsha 2 túrli xarakterdegi hám keń diapazondaǵı (dawıs keńligin hám kúshin kórsetiw ushın) qosıq atqarılıwı, sazda atqarıw tekis, atqarıw qaǵıydalarına boysınıp ádebiy tárepten sheberlik penen orınlansa, berilgen dástúrdegi wazıypalardı teoriyalıq hám ámeliy tárepten tuwrı hám de tolıq orınlaǵanlıǵı, solfedjionı oqıw hám aytıw sheberligi joqari bolsa |

| | |
|---|---|
| 4<br>“jaqsı” | Muzıkalıq tálim boyınsha bárshe dástúrdegi belgilengen shıǵarmalar tásirli atqarılsa. Sazda atqarıw tekis, atqarıw qaǵıydalarına boysınıwdan sheginse, ádebiy tárepten sheberlik penen orınlasa, berilgen dástúrdegi wazıypalardı teoriyalıq hám ámeliy jaqtan tuwrı orınlasa Solfedjionı oqıw hám aytıw sheberligi jeterli bolsa |
| 3<br>“Qanaatlandirarli” | Sazda atqarıw ushın tańlanǵan shıǵarmalar biraz ápiwayı hám bir qiylı túrdegi (xarakterdegi) shıǵarmalar bolsa, atqarıw ádebiy jaqtan qaraǵanda sayızraq atqarılsa, atqarıwda sózler yaddan aytıp berilmese, nama qosıqta hám ádebiylikte qáteliklerge jol qoyilsa |
| 2<br>“Qanaatlandirarsiz” | Sazda atqarılatuǵın shıǵarma tekstinen sheginiw, qátelerge jol qoyılsa, ádebiy jaqtan jetkerip atqarilmasa, shıǵarma atqarıwında teksten, pátlerden shıǵıp ketiw hám ádebiy atqariwda qátelikke jol qoyılsa hám tásirsiz atqarılsa |

## VII. Apellyatsiya komissiyası quramı jáne onıń iskerligin shólkemlestiriw

Abiturient kásiplik (dóretiwshilik) imtixan nátiyjeleri boyinsha institut qabıllaw komissiyasınıń apellyatsiyalar menen islew komissiyasına imtixan nátiyjeleri dağaza etilgen kúnnen baslap, 24 saat ishinde jazba múrajat etiwi mumkin. Múrajat tek óziniń ballari boyınsha bolsa ǵana, qabıl etiledi.

Apellyatsiya komissiyası aǵzaları joqarı oqıw ornı rektorı buyrıǵı menen tastıyıqlanadı.

Abiturient_________________________________________ nıń

**Saz áspab atqarıwshılıǵı boyınsha usınıs etken saz áspab dóretpeleri boyınsha toplaǵan balları DIZIMI**

| | Saz áspab atqarıwshılıǵı boyınsha atqarılatuǵın dóretpe janri hám awızsha soraw -juwap kriteryası | Usınıs etilgen dóretpe jáne onıń atqarıw jaǵdayı (jazıladı ) | Ball bólistiriw i | Toplaǵan balı |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Iri kólemdegi shiǵarma (Baqsı jıraw jolındaǵı áspab dóretpeleri, Sonatina, Sonata, Variatsiya, Konsert hám basqalar) | | 0 - 10 | |
| 1a | Shıǵarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı tuwrısındaǵı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalıǵı) hám pedagogikalıq qábileti. | | 0 - 5 | |
| 2. | Polifoniya (Invensiya, Fuga, Prelyudiya hám fuga, hám basqalar) Ózbek hám qaraqalpaq xaliq namalari hám kompozitor-lardiń saz namalari | | 0 - 10 | |
| 2a | Shıǵarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı tuwrısındaǵı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalıǵı) hám pedagogikalıq qábileti | | 0 - 5 | |
| 3. | Ózbek hám qaraqalpaq kompozitorlar dóretpeleri, Pesa, etyud | | 0 - 6 | |
| 3a | Shıǵarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı tuwrısındaǵı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalıǵı) hám pedagogikalıq qábileti | | 0 - 5 | |
| 4. | Muzıkalıq áspablar tariyxı hám olardıń qásiyetleri, áspab muzıkanıń socialliq ómirde tutqan ornı hám de áhmiyeti tuwrısındaǵı bilimleri, sóylewi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóylewdiń ańlatpalıǵı) hám pedagogikalıq qábileti. | | 0 – 5.5 | |
| | **Jámi** | | **46.5** | |

**Dóretiwshilik imtixan komissiyası :**

**Abiturient:**

Abiturient_______________________________________________nıń

**Qosıq aytıw sheberligi boyınsha usınıs etken dóretpeleri maydanınan toplaǵan balları**

**DIZIMI**

| | **Qosıqshılıq boyınsha atqarılatuǵın shıǵarma janrı hám awızeki soraw-juwap kriteryası** | **Usınıs etilgen dóretpe jáne onıń atqarıw jaǵdayı (jazıladı )** | **Ball bólistiriwi** | **Toplag an balı** |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Baqsı-jıraw, dástúriy qosıqshılıq, ózbek, qaraqalpaq hám shet el kompozitorlarınıń ariya, romans, estrada qosıqları | | 0 - 10 | |
| 1a | Shıǵarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı haqqındaǵı bilimleri, sózi (arnawlı atamalar qollanılǵan sózdiń sáwleleniwi) hám pedagogikalıq qábiliyeti | | 0 - 5 | |
| 2. | Ulıwma orta bilim beriw mekteperiniń 5-, 6 -, 7- klass "Muzıka mádeniyati" páni baǵdarlamasinan orın alǵan qosıqlardan úlgiler | | 0 - 10 | |
| 2a | Shıǵarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı haqqındaǵı bilimleri, sózi (arnawlı atamalar qollanılǵan sózdiń sáwleleniwi) hám pedagogikalıq qábiliyeti | | 0 - 5 | |
| 3. | Ózbek, qaraqalpaq hám shet el xaliq qosiqlari | | 0 - 6 | |
| 3a | Shıǵarmanıń mazmunı, forması, xarakteri hám kompozitorı haqqındaǵı bilimleri, sózi (arnawlı atamalar qollanılǵan sóz-diń sáwleleniwi) hám pedagogikalıq qábiliyeti | | 0 - 5 | |
| 4 | Qosıqshılıq tariyxı, olardıń ózgeshelikleri hám jámiyetlik ómirde tutqan ornı hám áhmiyeti, ózbek, qaraqalpaq hám shet el kompozitorları haqqindaǵı bilimleri, sózi (arnawli atamalar qollanılǵan sózdiń sáwleleniwi) hám pedagogikalıq qábiliyeti | | 0 – 5.5 | |
| **Jámi** | | | **46.5** | |

**Dóretiwshilik imtixan komissiyası:**

**Abiturient:**

Abiturient_________________________________________________nıń

**Muzıka teoriyasi páninen bahalaw sistemalari tiykarında toplaǵan balları**

**DIZIMI**

| № | Muzıka teoriyası (solfedjio) wazıypalar túrleri | Tapsirmalarǵa abiturient tárepinen berilgen juwaplar (jaziladi) | Ballar bólistiriwi | Abiturient toplaǵan ballar |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Teoriyalıq materiallardı biliwi | | 0 - 15 | |
| 2. | Major, minor, xalıq ladları dawısqatarları, intervallar, úshdawıslıqlar hám septakkordlar hám de olardıń aylanbaların berilgen dawıstan hám kórsetilgen tonallıqta dúzıw hám atqarıw | | 0 – 16,5 | |
| 3. | Takt úleslerin qol háreketin kórsetip nama mısalın notaǵa qarap aytıw | | 0 – 16,5 | |
| 4. | Tıńlabp anıqlaw | | 0 - 15 | |
| **Jámi** | | | **63** | |

**Dóretiwshilik imtixan komissiyası:**

**Abiturient:**